ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№18 (24.924) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## МурадыфIхэм хуэгъэпса зэхуэсыпIэщIэ

**Урысейм щыяпэу ди республикэм щызэхэтащ социальнэ архитектурэм, жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхухэр щIэм тету зэтеухуэным, мурадышхуэхэм хуэгъэпса щIыналъэ сессиер. Абы къриxьэлIахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек икIи а жэрдэмыр къадэзыIыгъа псоми фIыщIэ яхуищIащ.**

ЗЭХЫХЬЭР екIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратымрэ «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрымрэ Iуэхур къыдаIыгъыу.

Сессиер къызэIуахащ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м и Президентым деж щыIэ, Къэралым щекIуэкI социальнэ Iуэхухэр зыхуэдэм кIэлъыплъынымрэ ахэр къэпщытэнымкIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Семенов Алексей**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и департаментым и унафэщI **Карпов Андрей** сымэ. Зэхуэсым хэтхэм видеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ закъыхуигъэзащ «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ – «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым и унафэщI **Сериков Антон**.

Зэхуэсыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «Эльбрус» корпоративнэ университетымрэ.

УФ-м и Президентым деж щыIэ, Къэралым щекIуэкI социальнэ Iуэхухэр зыхуэдэм кIэлъыплъынымрэ ахэр къэпщытэнымкIэ управленэм и унафэщI **Харичев Александр** къахуигъэхьа фIэхъус тхыгъэм къызэрыщыхигъэщамкIэ, мурадышхуэхэм хуэгъэпса щIыналъэ сессием и лэжьыгъэр зэрырагъэжьэр и щыхьэтщ Урысейм хыхьэ щIыпIэхэм социальнэ Iуэхухэм бгъэдыхьэкIэщIэ яIэ зэрыхъум.

ЩIыналъэхэм зегъэужьыным хуэщхьэпэ социальнэ Iуэхухэр зыхуэдэр къапщытэкIэрэ, IэмалыщIэхэр, гъуазэщIэхэр яубзыхунущ.

«Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым къыщызэIуахынущ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм къэпщытакIуэхэм я нэIэ щытрагъэтыну щIыпIэ икIи КъБР-м щагъэзэщIэну проект хэхахэр къыщыхалъхьэну егъэджэныгъэ модуль мыгувэу щызэхэтынущ.

«ЩIалэгъуалэр а Iуэхухэм кIэлъыплъ, жаIэхэм едаIуэ къудейм къыщымынэу, мыбдежым ахэр икIи я IуэхущIэгъуу зэрыщытми мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Гулъытэ хэха хуэтщIынущ социальнэ институтхэм зегъэужьыным, лъапIэныгъэхэр убзыхуным, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэр егъэфIэкIуэным.

Шэч къытесхьэркъым, социальнэ Iуэхухэр дэгъэкIыным хуэгъэзауэ щыIэ иджырей IэмалхэмрэлэжьэкIэщIэхэмрэ къэдгъэсэбэпу, республикэм исхэм я псэукIэр зэредгъэфIэкIуэфынум. IуэхуфI куэд кърикIуэну дыпэплъэу щIыдодзэ мы лэжьыгъэм икIи псом хуэмыдэу абыкIэ ди щIалэгъуалэм сащогугъ».

## Мэкъумэш IэщIагъэхэр къыхрагъэх

**Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыт илъэсым агротехнологие классыщIэу 10 къыщызэрагъэпэщынущ школакIуэхэм папщIэ.**



ИДЖЫПСТУ ягъэбелджылы 7 - 11-нэ классхэм щIэсхэм физикэр, химиер, биологиер, математикэр нэхъ кууэ щрагъэджыну курыт еджапIэхэр.

Мы Iуэхум 2025 гъэм и фокIадэм зрагъэубгъун щIадзащ икIи республикэм и школиплIым и еджакIуи 150-рэ абы къызэщIиубыдащ. КлассыщIэхэр къызэIуахынущ «Ерыскъы шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу ягъэзащIэ «АПК-м и IэщIагъэлIхэр» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ.

Агроклассыр къызэIуахын папщIэ, Урысейм Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэм игъэува пщалъэ ткIийхэм школыр техуэу щытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, ар зытещIыхьар цIыху мин 50-м нэхърэ нэхъ мащIэ щыпсэу щIыпIэхэрщ, школыр иужьрей илъэситхум къриубыдэу яухуауэ е зэрагъэпэщыжауэ щытыпхъэщ, апхуэдэуи еджапIэм километр 30-кIэ пэгъунэгъуу мэкъумэш IуэхущIапIэ щыIэн хуейщ.

Мыр зи жэрдэмхэм я мурад нэхъыщхьэр щIалэгъуалэм мэкъумэш IэщIагъэхэм гулъытэ хурагъэщIынырщ, АПК-м IэщIагъэлIхэр зэрыхуагъэхьэзыр щIыкIэр егъэфIэкIуэнырщ, IэнатIэр къыхэзыххэр лэжьыгъэм дегъэхьэхынырщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Тхыдэм и напэкIуэцI щхьэхуэ

2-нэ нап.



Ащхъуэтым къигупсысахэр иджыри къагъэсэбэп

3-нэ нап.



Пшэм щекIуэкI къэхъукъащIэхэр къэзыгъэIурыщIэ

4-нэ нап.



Къэшэж Иннэ и фэеплъым деж

9-нэ нап.



ЛIэщIыгъуэхэр блэкIми, Пушкиныр псэущ

12-нэ нап.

# Тхыдэм и напэкIуэцI щхьэхуэ

**Илъэс къэс мазаем и 15-м Урысейм щагъэлъапIэ Я къулыкъу ягъэзащIэу нэгъуэщI къэрал щыхэкIуэда ди зауэлIхэм я фэеплъ махуэр. Нобэ илъэс 37-рэ ирокъу абы щхьэусыгъуэ хуэхъуа Iуэхугъуэу 1989 гъэм Совет Союзым и дзэхэр Афганистаным къpашыжауэ зэрыщытар.**



ДЗЭМ къулыкъу щепхьэкIын къалэн гугъур къэралым и кIуэцIым щызэфIэзыгъэкIхэм нэмыщI, нэхъ пщIэ леи яIэу, уеблэмэ я Iуэху зыIутыр я унагъуэхэм жраIэну Iэмал ямыIэу, Афганистаным яшахэм я хъыбар щымыIуа унагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иса къыщIэкIынкъым. Ди къэралым щыщ сэлэту мин 15-м нэс хэкIуэдащ Афган зауэ зыфIащауэ илъэси 10-кIэ екIуэкIам. Псори зэхэту, абы пхыкIащ совет сэлэт мин 600-м нэс.

Нобэрей гупсысэкIэ узэплъэкIыжрэ зыгурыбгъэIуэну ухуежьэмэ, дауи, упщIэу къэнэнур нэхъыбэщ, жэуапу бгъуэтынум нэхърэ. ИтIани, къэрал зэхущытыкIэм къигъэув жэуаплыныгъэти, Совет Союзым и зауэлIхэри хэтащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум а лъэхъэнэм къыщыхъея зэпэщIэтыныгъэм. Афганистаным абы щыгъуэ тепщэгъуэр щызыIыгъыр коммунист тетыгъуэрати, СССР-м зыщIимыгъакъуэу мыхъуну игъэуват. Абыхэм къапэщIэт оппозицэр зыузэдыр США-мрэ абы и унафэ щIэтхэмрэт. «Зауэ щIыIэ» жыхуаIэу Совет Союзымрэ КъухьэпIэмрэ я зэхущытыкIэ пхъашэрат политикэм щытепщэри, Афганистаным щекIуэкIа зауэри а зэгурымыIуэныгъэм и зы щапхъэу арат.

Унафэ къащтар захуэрэ къуаншэрэ зэхэдгъэкIын мурад дэ диIэкъым. ЗэхъуэкIыныгъэхэр къэсу, къэралым щекIуэкI еплъыкIэхэр щызэпэщIэувам щыгъуэ, цIыху куэд къэпсэлъауэ щытащ советыдзэр а Iуэхум хэпщIауэ зэрыщытар щыуагъэу къагъэлъагъуэу. Ар тхыдэмрэ зэманымрэ зэрагъэзэхуэнщ. Ди дежкIэ мыхьэнэ зиIэр а зэпэщIэтыныгъэ иным Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлIхэри зэрыхэтарщ, дэтхэнэ зыми и пщэ къыдэхуэр игъэзащIэу, и натIэм итым зэрыIущIарщ. Афганистаным къулыкъу щихьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и шофёру илъэс зыбжанэ хъуауэ лажьэ Соблыр Хьэсэнбий. А щIыналъэрщ абы «Адыгэ» цIэ лейр щигъуэтар икIи «И хахуагъэм папщIэ» медалу тIу къыщратар.

Советыдзэр къpашыжыну унафэ къыщащтар 1988 гъэрщ. ООН-м и нэIэ щIэту, Швейцарием Афганистанымрэ Пакистанымрэ хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ я министрхэм зэращIылIауэ щытащ Женевэ зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, СССР-м и дзэхэр республикэм къришыжыну унафэ ягъэуват. 1988 гъэм накъыгъэм и 15-м сэлэтхэр къpашыжын щIадзэри, иужьрей дзэ зэгухьэныгъэм 1989 гъэм мазаем и 15-м Афганистаныр ибгынауэ щытащ.

Я къулыкъу ягъэзащIэу нэгъуэщI къэрал щыхэкIуэда ди зауэлIхэм я махуэр Афганистаным щыIахэм я закъуэкъым зытеухуар. Абы хеубыдэ и Хэкум и гъунапкъэм икIыу, и пщэ къыдалъхьа къалэныр дэнэ щIыпIэ щызыгъэзэщIа сэлэтхэри. Нобэ апхуэдэхэр дигу нэхъ къыщIэдгъэкIыжыр дзэ Iуэху хэхам хэтхэращи, дэтхэнэ зыри и унагъуэм узыншэу Тхьэм къришэлIэж.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**




● Дызэкъуэту

# ЛIыгъэм и уасэр

**Иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ лIыхъужьхэм я лIыгъэр щIэблэм я гум имыхуу, пщIэ хуащIу къэгъэхъуным. Абы зы лъэныкъуэкIэ елъытащ къэралым и къэкIуэнур.**

ДЗЭ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэр щапхъэ яхуохъу къыдэкIуэтей щIэблэм. ЗауэлI къалэныр хахуэу зэрагъэзащIэм и мызакъуэу, ахэр зэрызэкъуэтыр, дыгъуасэ зэрымыцIыхуами, губгъуэм зэкъуэш зэрыщызэхуэхъур нэрылъагъущ.

Мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэкIуадэхэри щыIэщ. Абыхэм я фэеплъыр уахътыншэ щIыным хуэгъэзауэ къэрал псом и библиотекэхэм, IуэхущIапIэхэм, музейхэм фэеплъ пхъэбгъухэр къыщызэIуах, «ЛIыхъужьым и блын» Iуэхум ипкъ иткIэ, курыт школхэм стендхэр щагъэхьэзыр.

Апхуэдэ плIанэпэ яIэщ Терекскэ къуажэм и курыт еджапIэми, школыр къэзыухауэ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда щIалиблым я сурэтрэ я хахуагъэм щыхьэт техъуэ гъуэгуанэмрэ къыщыгъэлъэгъуауэ. Ахэр: Алэщ Хьэжмурат Олег и къуэр, Балъкъэр Аслъэн Борис и къуэр, Балъкъэр Къантемыр Медик и къуэр, Дыщокъуэ Амур Мухьэрбий и къуэр, Дыщокъуэ Хьэмзэт Амурбий и къуэр, Къазмыхь Вячеслав Хьид и къуэр, ТIымыжь Аскэр Ричард и къуэр.

ЩIалэхэм жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэху ягъэзэщIащ, лIыгъэ зэрахэлъыр, зэрыхахуэр, Хэкум зэрыхуэпэжыр ягъэлъэгъуащ, ди зэманым и лIыхъужь хъуащ. Абыхэм я псэр щIатащ дунейм мамырыгъэ щыIэн папщIэ.

ХэщIыныгъэшхуэщ адэ-анэхэм, къуажэдэсхэм, къэралым я дежкIэ щIалэхэр зэрыхэкIуэдар. Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ, я къалэныр щагъэзащIэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм, псэемыблэжыныгъэм, хахуагъэм пэкIуэу, блыми ЛIыхъужьыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ *(дунейм ехыжауэ)*.

Мыпхуэдэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным и мурад нэхъыщхьэр, зэрыжытIауэ, лIыгъэм и уасэр къытщIэхъуэ щIэблэм ящIэн зэрыхуейрщ.

ГъащIэм сыт хуэдизу зихъуэжми, школым къыщIэнэнущ а фэеплъ стендыр. Школым и бжэщхьэIум ебакъуэ дэтхэнэми ищIэнущ абы лIыхъужьхэр зэрыщеджар, къуажэм и къуэ пажэхэр абы зэрыщагъэсар. ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм экономикэмрэ бухгалтер учетымрэ и къудамэм и бухгалтер пажэ **Мурзаевэ Iэминэ Толэ и пхъум хуогузавэ** абы и адэ **Балъкъэр Толэ Къэралбий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Лъэпкъ пэхуэщIэхэм псэукIэр нэхъ тынш ящI

**«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, щIэуэ ухуэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и амбулаторэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр илъэс 38-рэ хъуауэ щрамыгъэкIуэкIа IуэхущIапIэр абы къекIуалIэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ къагъэщIэрэщIэжащ. Амбулаторэм и пэшхэм я зэкIэлъыхьыкIэр яхъуэжащ, дэтхэнэри зыхуей хуэзэу зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Абы къепха щIыналъэри гъатхэм ирихьэлIэу зэIузэпэщ ящIынущ.

IуэхущIапIэм лэжьэн щIидзэжащ. Махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу зыхуей дэIэпыкъуныгъэр щыхуащIэфынущ цIыху 70-м. Псори зэхэту а IуэхущIапIэм къепхащ къуажэм щыпсэу цIыху 9360-рэ, абы щыщу 3059-р сабийщ.

* * *

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм иджырей мардэхэм тету дохутыр амбулаторэ ухуэн щыщIадзэ. 1954 гъэм ящIауэ щыта а IуэхущIапIэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщрамыгъэкIуэкIрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуащ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм къигъэув иджырей жыпхъэхэми хуэкIуэжыркъым.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Фармедтех» компанием, Дзэлыкъуэ район сымаджэщым, ухуэныгъэр езыгъэкIуэкIыну IуэхущIапIэм я лIыкIуэхэр щыIащ амбулаторэр щаухуэну щIыпIэм икIи лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIынум теухуа упщIэхэр абдеж щызэфIахащ.

Метр зэбгъузэнатIэу 350-рэ хъуну ухуэныгъэщIэр иджырей амбулаторэм пэмыжыжьэу щытынущ. Медицинэ IуэхущIапIэм цIыху мини 8-м щIигъум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтынущ.

Дохутыр амбулаторэр иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, абы и фIыгъэкIи цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр хъарзынэу ефIэкIуэнущ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 14,** *щэбэт*

♦ **ЗэгуэкIуахэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Акъбащ Борис**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, политик **Атэлыкъ Анатолэ**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ «Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къардэн Маринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Мазаем и 15,** *тхьэмахуэ*

♦ **Лыш узыфэр зэфыкI сабийхэм ядэIэпыкъуным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ зи къалэн зыгъэзащIэу нэгъуэщI къэралхэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ махуэр**

♦ **1960 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ япэ адыгэ сурэтыщI-скульптор **Къалмыкъ Фёдор**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Зумакулов Борис**.

♦ **1949 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и член-корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Котляровэ Марие**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Къаскъул Iэулият**.

♦ **1970 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу адыгэхэм ящыщ, щIэныгъэхэмкIэ доктор, Кавказымрэ Шэрджэс щIыналъэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Хъун Яхья**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Мазаем и 16,** *блыщхьэ*

♦ **УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и тIасхъэщIэххэм я махуэщ**

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакIуэ **Болэ Ильзитэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Дыгъуасэ**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 20. Абыхэм ящыщу 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ ди республикэм дунейм къыщытехьащ сабий 317-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ* 1112-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.**

● Ди псэлъэгъухэр

# Пшэм щекIуэкI къэхъукъащIэхэр къэзыгъэIурыщIэ



***Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и саугъэтхэр илъэс бжыгъэ хъуауэ хуагъэфащэ щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэу, 2025 гъэм къриубыдэу къагъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, ар зратахэм ящыщщ Налшык къалэ дэт «Бгы лъагэ геофизикэ институт» къэрал бюджет IуэхущIапIэм Пшэхэм я физикэмкIэ и къудамэм IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм математикэ жыпхъэхэр яхузэтеухуэнымкIэ икIи къыщыгъэсэбэпынымкIэ и лъэщапIэм (лабораторэм) и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Шэру Марьянэ Азрэталий и пхъур, пшэм и кIуэцIым къыщекIуэкI къэхъукъащIэхэр зыхуэдэм ятеухуа щIэныгъэр адэкIи гъэкIуэтэным ехьэлIа къэхутэныгъэщIэхэр зэрыригъэкIуэкIам папщIэ.*** **ЩIэныгъэрылажьэр къытхутепсэлъыхьащ еджэныгъэ-лэжьыгъэм пыщIа къалэнхэр нобэр къыздэсым зэрырихьэкIамрэ иджыпсту и IуэхущIафэхэр зыхуэдэмрэ.**

**- Марьянэ, ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ закъебгъэцIыхуамэ хъунт.**

- Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ «Лицей №2»-р 2008-м къэзухащ. А гъэ дыдэм сыщIэтIысхьащ Дон Iус Ростов щыIэ Ипщэ федеральнэ университетым МеханикэмкIэ, математикэмрэ компьютер щIэныгъэхэмкIэ и факультетым. Бакалавриатыр «прикладная математика и информатика» унэтIыныгъэмкIэ къэзухащ. Иужьым «теоретическая и компьютерная гидро-аэродинамика» щIэныгъэми магистратурэм сыщыхуеджащ. Математикэр сытым дежи фIыуэ солъагъу.

2014 гъэм ди республикэм къэзгъэзэжащ, икIи Бгы лъагэ геофизикэ институтым лэжьэн щыщIэздзауэ нобэр къыздэсым абы сыщыIэщ.

**- Мы зэманым зи яужь нэхъ фитыр сыт?**

- Физикэмрэ математикэм и зы Iыхьэ «моделирование» жыхуаIэмрэ къэдгъэсэбэпкIэрэ, пшэхэмрэ пшагъуэхэмрэ я деж зэрызэкIэлъыкIуэу къыщекIуэкIхэм дащыкIэлъыплъкIэ, къэтхутар тхылъымпIэм, щIэныгъэр и лъабжьэу, зэгъэкIуауэ тедгъэзэгъэжынырщ. Абы щыгъуэми, мы Iуэхум дэ лъэныкъуэ зырызкIэ дыбгъэдохьэ.

**- Физикэм и щэхухэм щымыгъуазэхэм ар дауэ къагурыбгъэIуэнт?**

- А упщIэм и жэуапым и пэщIэдзэу къыхэзгъэщынщи, пшэхэм я гугъу дымыщIмэ, дахэмыIэбэмэ, я зыхъуэжыкIэри, я зыгъэзэкIэри нэгъуэщIщ, топышэкIэ дахэуэу е жьыхулъатэкIэ дащхьэщыхьэ-дабгъэдыхьэу, «зыгъэпхъэх» реагент пкъыгъуэхэм хуэдэхэр щыхэдутIыпщхьэкIэ къащыщIзэрызащIым елъытауэ.

**- Фи къэхутэныгъэхэм фазэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр нэхъри тхузэпкърыхыт, Марьянэ.**

- Абы нэхъ зэIухауэ сытепсэлъыхьын ипэ, а Iуэхум нэхъ кууэ хэпщIа сызэрыхъуам кIэщIу и гугъу сщIынщ. 2020 гъэм и фокIадэм сыщIэтIысхьащ Бгы лъагэ геофизикэ институтым деж къыщызэIуаха аспирантурэм. Илъэсищ хуэдизкIэ си щIэныгъэм хэзгъахъуэри, абдеж дыдэм «кандидат минимум» жыхуаIэр щыстащ. ИкIи, абдежым а еджапIэр къызэрыбухам ехьэлIауэ уи зэфIэкI къыщыбгъэлъэгъуэн хуейти, «Исследование влияния объемных входных данных на развитие конвективного облака на основе математического моделирования» зыфIэсща си лэжьыгъэр щыпхызгъэкIащ. Мы иужьрейрат КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр къысхуагъэфэщэнымкIэ гугъэ сэзыгъэщIу утыку къисхьари.

**- Метеорологие унэтIыныгъэм къызэригъэлъагъуэу, иужьрей илъэсхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым кIуэ пэтми нэхъ зыкъыщызэщIэзыщIэ зэщымыщхъуныгъэхэм я гугъу къытхуэщIыт.**

- Къатщтэмэ, ди планетэм и щIыпIэ Iэджэми ещхьу, Кавказ Ищхъэрэми дунейм и щытыкIэм къызэрымыкIуэу зыщихъуэж хъуащ, ари дызэрыпэмыплъауэ. Апхуэдэщ мэкъумэш IэнатIэм щылажьэхэр нэхъ къэзыгъэгузавэ къэхъукъащIэхэм ящыщу уэмрэ уэшхышхуэмрэ ямылейуэ зыкъыщызэкъуах зэрыщыхъуар.

А къэхъукъащIэм узэрыпэлъэщыну Iэмалхэм я нэхъ пхъашэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, уафэм кIуэ пэтми нэхъ Iувыжу щызэхэувэ пшэхэр, шынагъуэ щытыкIэм имыхьэ щIыкIэ, зэкIэщIэхунырщ. Абы щыгъуэщ, пшэхэм мыл кIанэ цIыкIужьейуэ щызэхэувэхэр нэхъ иныжу щызэхэмыпцIыхь щIыкIэ щыдгъэсеижыфынур. АрщхьэкIэ, пщIэ нэхъ зыпылъри нэхъ зэлIэлIапхъэри, щIэныгъэр ди лъабжьэу япэ зидгъэщрэ, езы пшэхэр Iуву зэхэувэху дыпэмыплъэнырщ.

**- Сыт абы щхьэкIэ щIэн хуейр?**

- Абы теухуауэ ди лъэщапIэм гулъытэ хэIэтыкIа нэхъ зыщыхуэтщIхэм ящыщщ, математикэ щIэныгъэр ди тегъэщIапIэу, езы пшэхэм я къэунэхукIэ-зыхъуэжыкIэм ехьэлIа жыпхъэхэр (моделхэр) зэхэгъэувэныр. А Iуэхум ипэ къихуэу дэ къыдопщытэ уэгум пшэхэр щызэхэувэ Iэхэлъахэм псыIагъэрэ хуабагъэ-щIыIагъэу щыщыIэр, уэшхрэ уэсу щызэхэувэ ткIуанэ-кIанэхэм я инагъ-Iувагъымрэ я хьэлъагъэмрэ, уэшх-уэс пкъыгъуэжьейхэм ящыщу электричествэкIэ зэщIэузэдахэм къагъэщI малъхъэдис губгъуэр здекъумрэ абы и лъэщагъэр зыхуэдизымрэ.

**- Мы Iуэхум уэ, дауи, бгъэдыхьэкIэщIэ къыхуэгупсысагъэнущ, Марьянэ.**

- КъызэралъытэмкIэ, аращ. ЩIы Хъурейр къэзыухъуреихь хьэуам къыщекIуэкIхэр тIэкIу япэ зидгъэщу зэдгъэщIэным ятеухуауэ инэхъыбэм къагъэсэбэпыр абы папщIэ зэхагъэува GFS NCEP метеорологие системэрщ. АтIэми, пшэхэр къызэрыхъу икIи зэрызэхэувэ щIыкIэр зэхэгъэкIынымкIэ IэмалыщIэщ си лэжьыгъэм къыщызгъэлъэгъуар. Псоми я гугъу дымыщIу нэхъ кIэщI зезгъэщIынщи, абы сэ хэзгъэхьащ щIыгум зыкъытезыIэтыкI жьым и хуабжьагъымрэ и хуабагъэмрэ я зыхъуэжыкIэр зыхуэдэм зэрелъытар пшэхэм мыл кIанэ цIыкIухэр зэрыщызэхэувэм я псынщIагъ-куэдагъыр зыхуэдэнур...

*Епсэлъар* **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ**.

# Тхылъхэр телъыджэщ, зэмыфэгъущ, зэмыщхьщ



**Тхылъхэр къызэIутхрэ еджэн щыщIэддзэкIэ, тхакIуэм къигъэщIа нэгъуэщI дуней гуэрым дыкъыщыхутэ хуэдэщ. Мыхьэнэм зэ дыкъытеувыIэжмэ, куэдрэ къохъу, псалъэм папщIэ, лIыхъужьхэм я щыуагъэхэм дыщызрагъэгупсысыж, абыхэм я IуэхущIафэхэр дыдейм щедгъапщэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лIыхъужьым и пIэм уиту уегъэгупсысэ. Абы и лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, тхылъыр егъэджакIуэ, гъэсакIуэ хуэдэуи къэплъытэ хъуну къыщIэкIынщ.**

«ТХЫЛЪЫР тыгъэ нэхъыфIщ» жыIэгъуэр ди гъащIэм нэхъ щIэх-щIэхыурэ щызэхэтх хъужащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, махуэгъэпсым абы езым и махуэ щиIэжын хуейт. Мазаем и 14-р хухахащ ТхылъкIэ ухуэупсэным и дунейпсо махуэм. Пасэ зэманым хъыбаррэ щIэныгъэрэ зэрызэIэпах Iэмал гъуэзэджэу тхылъыр щытамэ, иджыпсту нэгъуэщI хэкIыпIэ куэд къызэрыунэхуам, хъыбарыр нэхъ тыншу къытIэрыхьэ зэрыхъуам къыхэкIыу, дыхуей-дыхуэмейми, ахэр нэхъ мащIэрэ къагъэсэбэп хъуащ. Ауэ, итIани, тхылъыр ирагъэкIуэтэкIауэ пхужыIэнукъым, абы и пщIэр иIыгъыжщ.

Зи гугъу тщIа махуэшхуэм теухуа зэхыхьэхэр дунейм и къэрал 40-м щIигъум щокIуэкI. Къэбгъэлъагъуэмэ, махуэшхуэ нэхъ щIалэхэм ар ящыщщ - 2012 гъэращ къыщыунэхуар. Абы и къызэгъэпэщакIуэр инджылыз тхакIуэ Перри Эммэщ. Зы махуэ гуэрым ар и къуэм игъэгупсысат, тхылъкIэ ущызыхуэупсэ хъуну махуэ щIыщымыIэм щIэупщIэри.

А мурад дахэр даIыгъащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я егъэджакIуэхэм, тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм, псапащIэ зэгухьэныгъэхэм. Урысейми а Iуэхугъуэм псынщIэу зыщиубгъуащ. Махуэшхуэр зытещIыхьар тхылъ хуэныкъуэхэм, ар сабий, зи ныбжь хэкIуэта ирехъу, литературэр фIыуэ зылъагъу гуэру щрет, абыкIэ ухуэупсэнырщ. Ар щагъэлъапIэм ипэ къихуэу, тхьэмахуэ псокIэ библиотекэхэмрэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ зэхуэсхэр къыщызэрагъэпэщ, ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ тхылъ еджэным къыхузэщIагъэушэу, щIэныгъэм драгъэхьэхыу. Абы щыгъуэми, махуэшхуэм и купщIэр тхылъ тыным и закъуэкъым, атIэ литературэр зыгъэлъапIэхэр нэхъыбэ щIынырщ. Шэч хэлъкъым тхылъым цIыхур зэкъуигъэувэну апхуэдэ къару зэриIэм, атIэ сыт ар щIумыгъэлъэпIэнур?

Къалэшхуэм и Iэуэлъауэм зыщыбгъэпщкIуу, тхылъ пIыгъыу уи закъуэу зыщыбогъэпсэхуф библиотекэм. Ар зыхуей хуэзауэ къызэгъэпэщамэ, зэманри макIуэ зыхыумыщIэу. Налшык къалэ округым и Централизованнэ библиотекэм и унафэщI Бад Беллэ къыджеIэ: «Сыт щыгъуи хуэдэу, мы гъэми, мазаем и 9-м къыщыщIэдзауэ 15 пщIондэ тещIыхьауэ, къызэдгъэпэщащ ТхылъкIэ ухуэупсэным и дунейпсо махуэм хуэгъэпса «Фигуми фи псэми къабгъэдэкIыу тхылъкIэ фахуэупсэ» епщIанэ урысейпсо Iуэхур. Абы и къызэгъэпэщакIуэр Урысей къэрал сабий библиотекэмрэ «Тхылъеджэ къыдогъэхъу» зэгухьэныгъэмрэщ. Ар 2017 гъэ лъандэрэ къэрал псом щокIуэкI, Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Урысей тхылъ зэгухьэныгъэр, Тхылъ зэбгрызыгъэкIхэм я ассоциацэр я дэIэпыкъуэгъуу. Ди къалэм щыпсэухэри а Iуэхум жыджэру къыхохьэ, абы дегъэгуфIэ, ехъулIэныгъэщIэхэм дытрегъэгушхуэ. Псалъэм папщIэ, Налшык Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет библиотекэм илъэсищ хъуауэ ар щокIуэкI, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ къудамэм хэтхэр ди гъусэу. Псом хуэмыдэу ди гуапэщ а жэрдэмыр цIыхухэр зэкъуэзыгъэувэ, еджэныр фIыуэ лъагъуным зезыгъэубгъу хабзэфI зэрыхъуар. Мы зэманыр къалэ библиотекэхэм я къэщIэрэщIэжыгъуэу жыпIэ хъуну къызолъытэ. «Унагъуэ» лъэпкъ Iуэхум и фIыгъэкIэ, Iэмал гъуэзэджэ диIэ хъуащ библиотекэхэр едгъэфIэкIуэну, ди щIэджыкIакIуэхэм тыншыпIэхэр къахузэдгъэпэщыну. Тхылъ фIыуэ зылъагъухэр къытхуэкIуэ хъужащ, къэдгъэщIэрэщIэжа утыкухэр хуабжьу я гум дохьэ. «Фигуми фи псэми къабгъэдэкIыу тхылъкIэ фахуэупсэ» Iуэхум еджэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къагуригъаIуэу, ди щэнхабзэр къиIэту аращ».

Нобэ ди къалэ библиотекэхэм зэрызаужьыжар нэрылъагъущ, иджырей мардэхэм къезэгъыу компьютеркIэ къызэгъэпэщауэ, литературэ клубхэр щылажьэу, мастер-класс гъэщIэгъуэнхэр щекIуэкIыу.

Зи гугъу тщIа махуэшхуэми хабзэ дахэ ди гъащIэм къыхихьауэ жыпIэ хъунущ. Ар щхьэусыгъуэфIщ уи ныбжьэгъум, лэжьэгъум, благъэ-Iыхьлым, уеблэмэ умыцIыхуххэми тхылъкIэ уахуэупсэну. ТхылъыщIэу щрет, фIыуэ плъагъу тхылъ ирехъу, шэч хэлъкъым цIыхур абы зэрыщыгуфIыкIынум. Тхылъ узэджар адэкIэ нэгъуэщI зыгуэрым Iэрыбгъэхьэмэ, абы и гъащIэм пыпщэми ярейщ.

Тхылъхэм зы махуэшхуэкъым яIэр. Дигу къэдгъэкIыжынщи, илъэсым и кIуэцIым догъэлъапIэ Тхылъ еджэным и махуэр, Тхылъ фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо махуэр, Тхылъеджэм и махуэр, ФIыуэ ялъагъу тхылъ цIыкIухэр ягу къыщагъэкIыж махуэр, Тхылъымрэ ар зи IэдакъэщIэкIымрэ я хуитыныгъэм и дунейпсо махуэр. Абыхэм къагъэлъагъуэу къысщохъу тхылъым нобэ ди гъащIэм щиубыдыжа увыпIэр.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*



# НэхъыфIхэм хабжэ



**Мэзкуу къалэм и «Крокус Экспо» гъэлъэгъуапIэм «НАИС-2026» фIэщыгъэр зэрихьэу щекIуэкIащ граждан авиацэм и инфраструктурэм теухуа 13-нэ лъэпкъ выставкэрэ зэхуэсрэ. Абы ипкъ иткIэ гуфIэгъуэ пшыхь иращIэкIыу зэIущIэм щагъэлъэпIащ «Урысейм и хьэуа куэбжэхэр» 12-нэ лъэпкъ саугъэтым щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ.**

ДИ гуапэу къыхэдгъэщынщи, «Илъэсым и аэропорт нэхъыфI» зэпеуэм (зы илъэсым къриубыдэу цIыху мин 500-м щIигъум Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ аэропортхэм ящыщхэм) и лауреат хъуащ Налшык къалэм и дунейпсо кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэр.

Зэхьэзэхуэм и комиссэм апхуэдэ пщIэ ди республикэм къыхуищIащ аэропортым лэжьыгъэфI зэрыщрагъэкIуэкIымрэ абы и инфраструктурэм кIуэ пэтми нэхъ зэрызрагъэужьымрэ щхьэкIэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, мазаем и 16**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЕгъэджакIуэ». Абезеховэ Жулдуз. Тырныауз къалэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Зэман. Тхыдэ. ЦIыху». Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** Чипчиков Борис. «ЛIыжь. Жэщ. Сабиигъуэ». Литературэ къеджэныгъэхэр (12+)
**7.25** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Уэрэдыр фэеплъ мыкIуэдыжщ». КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Хьэждал къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу (адыгэбзэкIэ)
**8.45** «Нарт хъыбархэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Гутеев С. Г. «МыIэрысэ». ЦIыкIухэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.15** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.50** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «ЩIымахуэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Юбилеи». КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэ. КIэухыр (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Щэнхабзэмрэ дэрэ». УФ-м и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ КIыщ Азрэталий (12+)
**21.00** «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща ХьэщIэлI М. (адыгэбзэкIэ)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, мазаем и 17**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.25** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща ХьэщIэлI М. (адыгэбзэкIэ)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.30** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Сабиигъуэм и дуней». «Аленушка» сабий садыр. Тырныауз къалэ (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.30** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. ЩIалэгъуалэм теухуауэ
**19.00** «Спектр». КъБР-мрэ Адыгэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Бзэрабзэ, пшынэ». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Псори цIыхухэм къахуонэ». Экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Башир и фэеплъу
**20.55** «Щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, мазаем и 18**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.20** «Бзэрабзэ, пшынэ». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. ЩIалэгъуалэм теухуауэ
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.25** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.55** Гутеев С. Г. «МыIэрысэ». ЦIыкIухэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.20** «Спортым и зэман» (12+)
**17.45** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**18.25** «ЩIэныгъэр гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.55** «Гуауэм уэрэд зэхелъхьэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Шыхэмрэ гуращэхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.30** «Ди хуитыныгъэхэр». Юристхэм чэнджэщ къыдат (12+)
**21.10** «ЛIыгъэ щIапIэ лIыр икIуадэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, мазаем и 19**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.20** «Шыхэмрэ гуращэхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Спортым и зэман» (12+)
**7.35** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ЛIыгъэ щIапIэ лIыр икIуадэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.30** «Гуауэм уэрэд зэхелъхьэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Спортым къыхэжаныкIахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.40** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**18.55** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Гардарика-Кавказ» фестивалыр къызэIуах (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Лъагъуныгъэм и макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Ракурс». Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ библиотекэр илъэси 105-рэ ирокъу (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, мазаем и 20**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортым къыхэжаныкIахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.40** «ЩIымахуэ теплъэгъуэхэр» (12+)
**6.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Иллазаров И. (12+)
**7.20** «Къэбэрдей уэрамыр» (12+)
**7.30** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Гардарика-Кавказ» фестивалыр къызэIуах (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэ Iуплъэгъуэкlэ». Композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил и творчествэм теухуауэ (12+)
**8.30** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Мис аращ!» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «ЩIэныгъэм теухуа гупсысэхэм я къарур» (12+)
**18.25** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Узэкъуэтмэ, улъэщщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Дахагъэм и къарур». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.00** «Юбилей». «Тэрч-Алмаз» ОАО-р илъэс 65-рэ ирокъу (12+)
**20.30** КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил (12+)
**21.10** «Дэ къытхуэнар». УсакIуэ, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, мазаем и 21**

**6.00** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.15** «Мис аращ!» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.45** «ЩIэныгъэм теухуа гупсысэхэм я къарур» (12+)
**7.25** «Юбилей». «Тэрч-Алмаз» ОАО-р илъэс 65-рэ ирокъу (12+)
**8.00** 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Узэкъуэтмэ, улъэщщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.20** «Дэ къытхуэнар». УсакIуэ, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Таурыхъищэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.15** «Кязим и бзэ - си анэдэлъхубзэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**18.40** «Балигъ упщIэ». Продюсер, композитор ХьэIупэ Анзор (12+)
**19.40** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым». Балъкъэр Фоусэт (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Лъагъуныгъэм и макъамэ». Макъамэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** «ЩIэныгъэлI». Профессор Тау Хьэзешэ къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу (адыгэбзэкIэ)
**21.45** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)

**Тхьэмахуэ, мазаем и 22**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.15** «Кязим и бзэ - си анэдэлъхубзэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.05** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.20** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «Балигъ упщIэ». Продюсер, композитор ХьэIупэ Анзор (12+)
**17.00** Златопольскэхэ Иринэрэ Янрэ. «Зауэм къикI письмо». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль (12+)
**17.55** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**18.20** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ». Соттаев Адылджэрий (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Уи пщIэр уи IуэхущIафэрщ». Биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щауэ Мухьэмэд (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.40** «Гум и макъ». КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Хьэждал и фэеплъ пшыхь (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща ДзыхьмыщI Хь. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** «Зэманымрэ цIыхумрэ». КъБР-м и Парламентым и депутат Кебеков Владимир (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, мазаем и 16**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «ЦIыху щыпкъэ». Чеченов Хъусен (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** КIэбышэ Лилэ. «ЛIэщIыгъуэ никъуэкIэ ящыгъупщэжа» Iуэтэжыр (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** Маммеев Ибрэхьим. «ШыщIэ хужь цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, мазаем и 17**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Къуэдзокъуэ Хьэсэн. «УIэгъэ мыкIыж» поэмэм щыщ пычыгъуэ. Япэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Хъыджэбз уэрэдхэр» уэрэд-симфоние циклыр (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм - зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу». Къэбардокъуэ Борис (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** Къуэдзокъуэ Хьэсэн. «УIэгъэ мыкIыж» поэмэм щыщ пычыгъуэ. ЕтIуанэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, мазаем и 18**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». Хъыбарегъащlэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Щэнхабзэ щIэин». КъардэнгъущI Зырамыку (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Жьэгу пащхьэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Гуртуев Сэлихь. «Алим» поэмэр. Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Япэ букварым теухуауэ». Елбэрд Хьэсэн (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Сабийм зэрызиужьым теухуауэ». Психологым допсалъэ (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, мазаем и 19**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». Хъыбарегъащlэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ГъащIэм и алыфбей». Юсупов Хьэмид (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «ТекIуэныгъэм и тхыдэтххэр». Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «ЦIыху цIэрыIуэхэр». Тамбий Пагуэ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** МахуэлI Заур. «Шэрыуэ». Къэхъуар зи лъабжьэ Iуэтэж (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Лы лей птелъыным теухуауэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, мазаем и 20**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Си бзэр си псэщ». Анэдэлъхубзэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Уи бзэр хъумэж» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Анэдэлъхубзэр фIыуэ тлъагъуу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, мазаем и 21**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Си лъагъуэр». ХьэIупэ ДжэбрэIил (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мазаем и 22**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Думбадзе Нодар. «Лъы» радиопостановкэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** Боташев Исса. «Бгырыс цIыхубзым и хахуагъэр» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, мазаем и 16**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Тылым щылэжьа Урыс Л. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Пшынэр зыгъаджэ». Лъосэн Тимур (12+)
**17.35** «Спортым и дуней» (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, мазаем и 17**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Лъэпкъ шхыныгъуэхэм ятеухуауэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэ. Етхуанэ Iыхьэ (6+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, мазаем и 18**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «IэщIагъэлIхэр». Профессор ТIымыжь Хьэмыщэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Iумэт М. Япэ Iыхьэ.
**17.25** ПсапащIэ Iуэху (6+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, мазаем и 19**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Узыншэу фыщытхэ». Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Ульбашевэ А. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нагъыщэ». Шыпш А. (12+)
**17.25** «Узыншэу фыщытхэ». Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Моллаевэ Дж. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, мазаем и 20**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** ХьэIупэ ДжэбрэIил къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу. «Лъэпкъ цIыкIухэм я пщIыхьэпIэхэр» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** КъБКъУ-м и кафедрэм и доцент Хьэтыхъу А. (12+)
**17.25** «Гъэм и зэманхэр». Усыгъэм и пшыхь (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, мазаем и 21**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Аликаев Р. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр

**Тхьэмахуэ, мазаем и 22**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр
**8.20** Генерал майор Бахъсэн Хьэсанш теухуауэ (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, мазаем и 16**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр

**Гъубж, мазаем и 17**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр

**Бэрэжьей, мазаем и 18**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр

**Махуэку, мазаем и 19**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр

**Мэрем, мазаем и 20**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр

**Щэбэт, мазаем и 21**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, мазаем и 22**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# КъБР-м и РАДИО

### Блыщхьэ, мазаем и 16

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00 - 24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Гъубж, мазаем и 17

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Бэрэжьей, мазаем и 18

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (урысыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Махуэку, мазаем и 19

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Мэрем, мазаем и 20

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Щэбэт, мазаем и 21

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Тхьэмахуэ, мазаем и 22

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

● ЗэIущIэхэр



# Къэшэж Иннэ и фэеплъым деж

**Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекIуапIэм, Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и гупэм къит арт-ухуэныгъэм, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Къэшэж Иннэ хуагъэувам деж, хабзэ зэрыхъуауэ, мазаем и 12-м цIыхухэр щызэхуэсащ, ар къызэралъхурэ илъэс 82-рэ зэрырикъур зэдагъэлъэпIэну. Налшык къалэ администрацэр и дэIэпыкъуэгъуу, КъБР-м Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм мы гъэм илъэс ебланэ хъуауэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр къызэрагъэпэщ.**

КЪЭШЭЖ Иннэ и усэхэм къеджащ Налшык къалэм и сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ («Радуга» гимназием, курыт еджапIэ №32-м, гимназие №29-м, «Альтернатива», «ДыгъафIэ къалэ») я гъэсэнхэр, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм дахьэх балигъхэр.

КъБР-м Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье жиIащ Къэшэж Иннэ цIыхубэм зэращымыгъупщэр, и усэхэм щIэупщIэ зэраIэр, и гъащIэмрэ гуащIэмрэ курыт еджапIэхэм зэрыщаджыр. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ, радиожурналист, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ Къэшэж Иннэ и цIэр жыими щIэми зэраIурылъыр, псом хуэмыдэу абы ди щIыналъэм триухуа и усэ купщIафIэхэм зэрызыхуагъазэр жиIащ икIи къызэхуэсахэм Иннэ и усэ Iэрамэ къахуеджащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIэлипи и псалъэм къыхигъэщащ республикэм и усакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ Къэшэж Иннэ зэращымыгъупщэр. Ари абы и усэхэм ящыщ къеджащ. КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, абы щыпсэу и хэкуэгъухэр фIыуэ зэрилъагъуу щытар усакIуэм и усэхэм къазэрыхэщыр, цIыху гуапэу щыта усакIуэр ди щIыналъэм зэрыщалъытэр. Къыхигъэщащ Къэшэжым и гъащIэмрэ гуащIэмрэ щIэблэр щIапIыкIыну зэракъалэныр икIи фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэмрэ ныбжьыщIэхэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэшэж Иннэ и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр тезыухуа Алъхъэс Светланэ тепсэлъыхьащ усакIуэм и щIэинэм, абы и усэхэр нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэрызэрадзэкIам, Москва щыпсэуами, Иннэ и лъэпкъэгъухэр фIыуэ илъагъуу, лъэпкъ хабзэхэм пщIэ хуищIу зэрыщытам. Жылагъуэ лэжьакIуэ Къарэ Ратмир жиIащ Къэшэж Иннэ и усэхэм къыщIэтэджыкI ныбжьыщIэхэм ягури я бзэри къабзэу къызэрыхъунур, иджырей щIэблэм усакIуэм и щIэинхэм зэрызыхуагъазэм, абы и уэрэдхэр зэрыIум зэрыригушхуэр.

Иннэ 1944 гъэм Москва къыщалъхуащ. УсакIуэр къалащхьэм щыпсэуами, Къэбэрдей-Балъкъэрым гукIи псэкIи пыщIауэ, и лъэпкъэгъухэр фIыуэ илъагъуу щытащ. Абы и щыхьэту Къэшэжым усэ куэд триухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и цIыхухэмрэ. 1972 гъэм Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр Москва къыщиухащ Иннэ. Ар УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм 1967 гъэм хыхьащ. Къэшэжым и Iэдакъэм къыщIэкIа усэхэм ящыщу 300-м макъамэ хуатхащ. Республикэм щыпсэухэм фIыуэ ялъэгъуа «Возьми меня в Балкарию!» уэрэдым композитор Къашыргъэ Билалт макъамэ щIэзылъхьар. И уэрэдхэр жаIэу щрагъэжьам, Иннэ и ныбжьыр илъэс 22-рэ къудейт зэрыхъур.

Теплъэ зэкIуж зиIэ ди лъэпкъэгъу усакIуэм и «Вольный Аул», «Кавказ надо мною», «На розовом коне», «Незаходящее солнце», «Белый тур», нэгъуэщI и усэ тхылъхэр тхылъеджэ куэдым ягу дыхьащ, щIэупщIэ ини яIащ, нобэр къыздэсми цIыхухэм зэIэпах.

Иннэ 2000 гъэм дунейм ехыжами, ар дэркIэ псэущ, и IэдакъэщIэкIхэм деджэхуи тщыгъупщэнукъым.

УсакIуэм Къэбэрдей уэрамым триухуа и усэр зэрыт, тхылъ теплъэ зиIэ скульптурэр ягъэхьэзыращ скульптор цIэрыIуэ ГъущIапщэ Арсен и нэIэм щIэту. Проектыр зэдагъэзэщIащ Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Натальерэ жылагъуэ лэжьакIуэ Къарэ Ратмиррэ, Къэшэж Иннэ къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Скульптурэр ягъэуващ республикэм исхэм я ахъшэ зэхэдзэр, КъБР-м жылагъуэ Iуэхухэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм къыщихьа ахъшэ саугъэтыр щIыгъуу къагъэсэбэпри.

УсакIуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, зэхыхьэм хэта ныбжьыщIэхэм иратащ усакIуэм теухуа бгъэхэIухэр.

*Тхыгъэри сурэтри* **ТЕКIУЖЬ Заретэ ейщ**.

● Пэрытхэр

# Нэхъыжьхэм я дежщ къыщежьар

**Дунейр къызэриухуар апхуэдэущи, зи щIалэгъуэхэм я жыджэрагъым, зэхэщIыкIым, гупсысэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ дэтхэнэ къэралми и къэкIуэнур: щIэблэ узыншэ, зэхэщIыкI куу зиIэ, щIэныгъэм хуэпабгъэ къыщыхъу щIыналъэм ехъулIэныгъэ пылъу зиужьынущ. АтIэми, хуэфэщэн къэрал гулъытэрэ нэхъыжьхэм я дэIэпыкъуныгъэрэ чэнджэщрэ ирикъуу зымыгъуэт зи щIалэгъуэхэр къызэрытаджэ щIыпIэм и пщэдейр, зэрыхабзэщи, гукъыдэж лъэпкъ къозымытщ зэрыхъунур. Дзэлыкъуэ щIыналъэм къыщыдэкI «Зольские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэ Щокъуий Iэминэ иджыблагъэ дигъэцIыхуа щIалэщIэм бгъэдэлъ зэфIэкIхэмрэ гъащIэм хуиIэ мурадхэмрэ ятепщIыхьмэ, ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ узыншэ, зэчиифIэ иIэщ, щIыналъэм и къэкIуэнури узыщыгуфIыкI хъунущ. Апхуэдэхэм я щапхъэщ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм щыщ Шыд Беслъэн.**

ЩIАЛЭГЪУЭ зэман дахэр щызу езыхьэкIхэм, ар Iуэхугъуэ купщIафIэ куэдкIэ зыгъэнщIхэм ящыщщ Шыд Беслъэн. Я жылэм дэт курыт школым фIы дыдэу щеджащ щIалэщIэр, математикэмрэ физикэмрэ, тхыдэмрэ обществознаниемрэ дахьэхыу, спортыр фIыуэ илъагъуу.

- IэщIагъэу къыхэсхыным сыщегупсыскIэ, экономист, юрист, инженер хуэдэхэм нэхъ тезгъащIэрт нэхъапэм. А мурадхэр си гуращэу хэхауэ сыхущIэкъуащ абыхэм епха предметхэр нэхъ кууэ зэрызджыным. ЕГЭ-хэр хъарзынэу ста нэужь, инженер IэщIагъэм сыхуеджэну тезухуащ, - и школ илъэсхэр игу къегъэкIыж Беслъэн. - ФIыщIэ ин яхузощI курыт школым щызиIа егъэджакIуэхэм, унэтIакIуэхэм. Апхуэдэу сахуэарэзыщ школ нэужьым сызыщIэтIысхьа Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым (СКФУ) и IэщIагъэлIхэм, къыхэсха IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зэзгъэгъуэтынымкIэ сэбэпышхуэ къызэрысхуэхъуам щхьэкIэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и Iыхьэ хэлъщ си хъуэпсапIэхэм нобэ сазэрылъэIэсым.

СКФУ-м и бакалавриатыр диплом плъыжькIэ къэзыуха щIалэщIэр иджыпсту щоджэ абы и магистратурэм и 2-нэ курсым, «Электроэнергетикэмрэ электротехникэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ бгъэдэлъ и щIэныгъэм адэкIи хигъахъуэу. ЩIалэ акъылыфIэм еджэным щIыгъуу дапщэщи ирегъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр, университетым и жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэтщ. Беслъэн иужьрейуэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэфIхэм ящыщщ зыхэта Case-IN Инженерхэм я дунейпсо зэпеуэм тIэунейрэ (2024, 2025 гъэхэм) зэрыщытекIуар, студент гупым хэту. Апхуэдэу ар жыджэру хэтщ электроэнергетикэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиемкIэ екIуэкI урысейпсо, дунейпсо щIэныгъэ зэпеуэхэм. Беслъэн щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд иригъэкIуэкIащ «УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр-2030» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр и лъабжьэу. ЩIэныгъэм лъэбакъуэ быдэ хэзыча адыгэ щIалэм и къалэмыпэм къыпыкI лэжьыгъэхэр Аттестацэмкiэ Комиссэ Нэхъыщхьэм (ВАК) и нэIэм щIэту къыдэкI щIэныгъэ журналхэм къытохуэ, РИНЦ-ми къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абыхэм ящыщхэр нэгъуэщI къэхутакIуэхэм тегъэщIапIэ ящIу къагъэсэбэп. «Роспатент»-м и сайтым зэритымкIэ, Шыд Беслъэн ЭВМ-мкIэ программи 6 зэхигъэуващ.

Еджэнымрэ щIэныгъэмрэ щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэфIхэм къадэкIуэу, Беслъэн еджапIэ нэхъыщхьэм къыщызэрегъэпэщ электроэнергетикэм и зыужьыныгъэм хуэгъэпса дунейпсо, къэралпсо студент щIалэгъуалэ зэхыхьэхэр. 2024 гъэм абы и жэдрэмкIэ СКФУ-м щекIуэкIащ «Электроэнергетикэр - щIалэгъуалэм я нэкIэ» дунейпсо щIэныгъэ-техникэ конференц иныр. Мыхьэнэшхуэ зиIа а зэхыхьэм кърихьэлIат ди щIыналъэхэми хамэ щIыпIэхэми къикIа IэщIагъэлIхэр, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр. Ахэр конференцым щызэдэгуэшащ зи лIыкIуэ IуэхущIапIэхэм щызэфIах Iуэху зехьэкIэ мардэхэмкIэ, гу зылъытапхъэ унэтIыныгъэхэр щагъэнэIуащ, яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэри щагъэбыдащ.

Беслъэн бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкI лъагэхэм къапэкIуа фIыгъуэхэм ящыщщ абы УФ-м и Президентым и грантыр, апхуэдэуи къэрал лIыщхьэм, СКФУ-м и ректорым къабгъэдэкI стипендие хэхахэр зэрыхуагъэувар. Иджыблагъэ щIалэщIэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыгушхуэ» зэпеуэм и «ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэ» унэтIыныгъэм щытекIуащ икIи абы щыхьэт техъуэ тхылъымрэ саугъэтымрэ къратащ. Апхуэдэ гулъытэхэр Беслъэн къыхуагъэфэщащ еджэнымрэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ.

МурадыщIэхэм я къигъэхъуапIэ хъуа жэрдэмыщIэхэм къыхуахьа а текIуэныгъэхэм зи ныбжьыр илъэс 22-рэ фIэкIа мыхъуа щIалэм и фIэщ ящIащ бгъэдэлъ щIэныгъэр зэрыкуур, ар лъагапIэщIэхэм уахуэзышэ къару лъэщу зэрыщытыр. АтIэми, Беслъэн зэрыжиIэмкIэ, а ехъулIэныгъэхэм ар хуэзышахэм я нэхъыщхьэщ и къуэш нэхъыжь Арсен и щапхъэ дахэр. Шынэхъыжьыр абы хуохъу гъуэгугъэлъагъуи, унэтIакIуи, чэнджэщэгъуи.

- «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыгушхуэ» щIыналъэпсо зэпеуэм сыхыхьэну сытезыгъэгушхуар си къуэш нэхъыжьырщ. Ар езыр нэхъапэм хэтауэ икIи а зэпеуэм и саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ, - жеIэ Беслъэн. - Арсен си щапхъэу, сэри си мурадщ си щIэныгъэм аспирантурэм щыхэзгъэхъуэну, сыдэзыхьэх IэщIагъэм епха къэхутэныгъэщIэхэм адэкIи пысщэну.

ЩIалэм дохъуэхъу и мурадхэм ялъэIэсыну. Апхуэдэуи гуапэ сщохъу и ехъулIэныгъэ псори и щхьэ закъуэу къиихьа, къеуэлIа фIыгъуэу къимылъытэу, къыщыхъуа унагъуэм исхэми, егъэджакIуэрэ унэтIакIуэу иIахэми Беслъэн зэрадигуэшыр. Афэрым! Апхуэдэущ зэрыщытын хуейри.



Пэжуи, цIыхум зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм я нэхъыбапIэм и къежьапIэр къызыхэкIа унагъуэм щыIэщ. Зи гугъу фхуэтщI щIалэщIэри зыхуеджа IэщIагъэмкIэ яхэуващ къыщыхъуа унагъуэм щIэс инженер-энергетикхэм - Беслъэн и адэшхуэми, и адэми, и къуэш нэхъыжьми аращ я IэщIагъэр. Щытхъу псалъэ куэд яхуэфащэщ а унагъуэм. КъыжыIапхъэщ Шыдхэ я унагъуэ дахэр, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ зэрылъыр, нэIуасэ нэхъапэIуэкIэ къытхуэхъуауэ зэрыщытыр. Унагъуэ жьэгу пащхьэм и нэхъыжьыфIхэу, абы илъ фIыгъуэ псоми я хъумакIуэу къокIуэкI адэшхуэанэшхуэу Мухьэмэдрэ Жамилэтрэ. ЩIэныгъэм пщIэ щыхуащI унагъуэ дахэм ис а нэхъыжьыфIхэр, апхуэдэуи я благъэфIхэу КIэщтхэ Хьэзрэталийрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) Любэрэ бынми, абыхэм къащIэувэ щIэблэми щIэгъэкъуэни щапхъи дапщэщи яхуэхъуу апхуэдэщ. Мухьэмэд и нэIэм щIэту унагъуэм щапI, адыгагъэр я гъуазэу щагъасэ щIалэхэу Арсен, ди тхыгъэр зытеухуа Беслъэн, Алан, пщащэ цIыкIу Даянэ сымэ. Абыхэм я адэ Гъумар и IэщIагъэкIэ инженер-энергетикщ, Дзэлыкъуэ РЭС-м Малкэ щиIэ къудамэм и диспетчерщ. Быным я анэ Еленэ (ар КIэщтхэ япхъущ) къуажэм дэт курыт школ №3-м пэщIэдзэ классхэр щрегъаджэ. Зэкъуэшхэм Сэрмакъ дэт курыт школ №3-р фIы дыдэу къаухащ. Арсени энергетикэм епха IэщIагъэм щыхуеджащ СКФУ-м, абы и аспирантурэм и щIэныгъэм щыхегъахъуэ, кандидат лэжьыгъэр етх. Зэшхэм я нэхъыщIэ Алан дохутыр IэщIагъэм щыхуоджэ Ставрополь дэт къэрал медицинэ университетым. Зэшхэм я жьауэм щIэту ягъафIэ я шыпхъу цIыкIу Даянэ школакIуэщ, и дэлъхухэм хуэдэу, ари еджэным щыпэрытщ.

Апхуэдэ щIэблэ узыншэ къотаджэ щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну Шыдхэ я унагъуэшхуэм. «Нэхъыжь нэмыс - нэхъыщIэ насып», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ди гуапэщ унагъуэ махуэм нэхъыжьым и пщIэрэ и псалъэрэ иджыри куэдрэ щызекIуэну, абы къиихъуэ щIэблэри гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэну, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну, лъагапIэщIэхэм нэсыну, Шыд Беслъэни абы и шынэхъыжь Арсени ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмрэ щIэныгъэмрэ ди адыгэ щIыналъэм и зыузэщIыныгъэм ирахьэлIэну. Абыхэм хуэдэ адыгэ щIалэ акъылыфIэхэр, мурадыщIэхэмрэ жэрдэмыщIэхэмрэ зи куэдхэр хэкупсэ гурыщIэхэми зэрыхуэмыхейр хьэкъыу си фIэщ мэхъу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

# Си бгъэм дэсу дыгъэ щIыIэрыс КъызохьэкIыр, уи псэр ешэкIауэ



* * *

Си бгъэм щыбауэрт уафэр,
Вагъуэхэр си гум хэуэу.
Жьыбгъэм, едзауэ мафIэ,
Сигу бгынэжар къиззуэрт.

Си гур елъэнут уафэм,
Бгъэм къыщеуэн имыдзу.
Къуэпсхэм щызекIуэ мафIэр
ЛIапIэурэ къыщииуду...

Махуэм дыгъэ ныбафэр
Пшэплъ зэIубам къигъэплъырт.
Си гум къыщычэ уафэр
Йозгъэкъузэнт уи IэплIэм...
*20.02.2024.*

* * *

Махуэр щхьэхри, пыкIащ и дыгъэм,
Сэ - уи нитIым къыщIиха гугъэм.
Пшэм зэхелъхьэ емышу нэщхъ,
Махуэ къэскIэ къеешхынущ уэшх.

Уэшхыр щIылъэм тощащэ щыгъэу,
Уэшхыр йобжьэ хэпхыжа гугъэм.
ТкIуэпсу хъуар шэчыгъуейуэ зэщхьщ,
Гъатхэ уэшхым сигу зэрегъэшх.
*14.05.2024.*

* * *

Си гум хышхуэ щобауэ,
Сэ толъкъунхэм созауэ,
Жэщым пщIыхь хэIубауэ,
Щхьэцым тхъугъэ хидзауэ,
Си гум хышхуэ щобауэ.

ЗыкъэсщIэжмэ, ... дауэ?!
Хыр уи нитIым щIэз хъуауэ,
И кум сэ сыкъинауэ,
ГъадэщIыдэ сыхъуауэ
ЗыкъэсщIэжмэ, дауэ?!
*9.07.2024.*

* * *

Сэ уи гъуэгум сыщыуIэгъэщ,
ЖызмыIахэр къыхэнэу плъэгъуэм.
Мы дунейр уи зы псалъэм щIэхуэу,
Къысхуэнэжри зы бэуэгъуэу.

СщIэркъым си пкъыр жьуджалэ щIэхъур,
СыщыджалэкIэ, уи псэ нэхум
Сытехуэжрэ, дунейр къысхуэгъуу,
СщIэркъым уафэр нэхъ щабэ щIэхъур.

Уафэм нэсти, гупсысэр мэхырт,
IэфIу си бгъэм щыуз си щэхур
Жэщ жейбащхъуэм зыIэщIигъэхути,
Си нэ кугъуэм зыгуэр щыбзэхырт.
*11.07.2024.*

* * *

Си гур уигу адрыщIым къизгъэхыж,
Жэщ жеинши къызэмызыжу.
Гъатхи бжьыхьи зыщызмыгъуэтыж,
Си гур къыщеуар уи дежщ иужьу.

Уи нэр сцIыхурт дыкъалъхун япэж,
Уэсым и къабзагъэм къытещауэ.
Гъатхэу хъуам щIымахуэ ягъэпэжт,
Уи пщIыхь хужьхэм нэхухэр щагъэщауэ.

Уафэр зэрыиным согупсыс,
Сигу къиным сыпэмылъэщауэ.
Си бгъэм дэсу дыгъэ щIыIэрыс
КъызохьэкIыр, уи псэр ешэкIауэ.
*26.07.2024.*

* * *

Е си гухэлъ ескъухыжам
Псэуну лIапIэ къыщеуд.
Е согъэззэж сыкъыщежьам,
Жэщ гъуэрыгъуапщкIуэм сыщыудт...

Сыкъыщежьам щыIэжкъым плъапIэ,
Иджы, мис, жэщым сыщошынэ.
Сэ мы дунейм щысцIыхукъым кIуапIэ,
Сыщыщщ псэ дийм щысщIа лэгъунэм.
*27.08.2024.*

* * *

Уи псалъэу хъуар си нитIым щIэзу,
Зэм гугъэ къуэпсу, зэми нэпсу,
Сызытехуа гупсысэ нэзым
Тезгъэлъэлъэжу си Iэпэпсыр...

Мо уафэ щIыIэм мазэ пщтырыр
Къыздрихар къызогупсыс.
Сызэмысэж щIымахуэ блыным
СохъукI нэхущым щIыIэрыс.

БлэкIа щхьэжагъуэр ерыщ йокIуэ,
Си гъуэгу пхыдзар пцIы зэфэзэщщ.
Гур зауэм Iутщ, щIымахуэр токIуэ,
Си нэгум щIэту си псэм ещхь.
*28.08.2024.*

* * *

Си гур угъурсызу къызоуз,
Уи псэм и щыхупIэм зыщидзауэ.
ЩIым макъ щIыIэм зыкъыщIеIукIыж,
Аргуэру къыщиудыжауэ.

ГъэмахуэжкIэм гугъэ хэIубащ,
БампIэри нэпс гъущэ еIубауэ.
Бжьыхьэ плъыжьым хуимыщIыну бам
Нэхур щыхукIэ иризэгуэпауэ.

Си дуней плъыржьэру нэхущ пшэплъ,
Сыпщхьэщыси, уэ сыносэжауэ.
Си гу щIыIэр зэрыузым еплъ,
И хуабагъэр жэщым щибзыщIауэ.
*30.08.2024.*

* * *

МэупщIыIуж къэхьэуэ дыджыр,
Укъытощыжыр си нэджыджым.
ЩIымахуэ жэщу псэ къысIуокIэ...
Гъэмахуэ жэщу сигу укъокIыр.

Гупсысэм си гур зэIипщIыкIыу,
Уи пащхьэм минрэ сыщеукIыр.
Здэщыпэр сымыщIа мы си псэр
НыпщхьэщотIысхьэри, мэусэ.
*15.09.2024.*

* * *

ЩIымахуэт.
Къэбгъуэтри си лIапIэр,
Упхат уэс чэсейкIэ.
Уэрамхэр жейбащхъуэт,
Ирикъутэкъым жейкIэ.
ЩIымахуэм и пхъуантэм
Дэз щыхъукIэ уэс щабэр,
ФIэфIыпсу хэщатэрт
Дунейуэ тхъуэплъ напэр.
Илъэсыр усакъыу
Къиплъхьати си Iэгум,
Сепщэжырт си закъуэу,
Сепщэжырт тIэкIу-тIэкIуу.
Си гъусэт уэрэди,
Пхуэсщыжырт гукъани.
Зэманыр щIэлъэтырт,
Ситауэ уи къану.
Уэс налъэхэм зэи
Уи макъ еIусакъым.
Сигу щIыIэр нэхъ жэрти,
СыкIэлъысакъым.
*30.12.2024.*

* * *

Жэщ-махуэр бзагуэ хъуащи, зэгуоуд,
ЖызмыIэфахэр абы къыщеуд.
Уи ныбжьыр си бжэIупэм плъыру Iутщ,
Бжэ лъэмбым къебэкъуэнуи хуимыт.

Си щэхур нэхущ вагъуэм къыщIегъэщ,
Сыкъезыгъэлри сызыхьыжри псэщ.
Щхьэгъубжэм адкIэ щодым къалэ нэщI,
Дуней къат-къатым си гур зэрегъэшх.

Щхьэгъубжэр хуэсщIмэ, зы бэлыхь къэхъунущ,
Мо уафэм нэхущ вагъуэр къехуэхынущ,
Абы губампIэр жылэу къилъэлъынущ,
ПапщIапIэмкIэ си гущхьэм зыхисэнущ.
*18.01.2025.*

* * *

Дыжьын Iуданэ къыхызолъэф
Уафэм сыдоIэбейри.
КъысфIыполъэлъри мыщIэ дыщэху,
Лыгъэ иредз си жейм.

ЛIыгъэ зыхэлъыр си гум и закъуэщ,
ИувагъащIэу лIыпIэ.
Зэхимыхами зэи уи макъыр,
КъыхегъэфIыкI щIэплъыпIэм.

Жэщым и нэзым сыкъыпохужри,
ПщIыхьри есыж пшэплъ-лыгъэм.
СоутIыпщыжыр хьэндрабгъуэ хужьыр,
ЗыхегъэпщкIуэж пшэ-Iугъуэм.
*27.04.2025.*

* * *

Жыг щхьэкIэм пыс гъэмахуэ бзухэм
Япсыхь дунейр уэрэд къарукIэ.
Дыгъэ фIэрафIэм и зыщIыкIэм
Уи теплъэ нур къыхызощIыкIыр...

Уи теплъэр сигу щызогъэпщкIужыр,
Дзыхь хуэзмыщIыжу дыгъэ плъыжьым.
ИтIанэ сэри сохъур бзагуэ,
ИтIанэ сэри сохъур дэгу.

Жыг щхьэкIэм къыщоушри жьыбгъэр,
Къызыкъуиха и гугъэу лIыгъэ,
Къэгушхуэжауэ йоуэр Iэгу,
СхущIихулыкIыурэ си нэкIу...

А жьыбгъэм си гур щопсэхужыр...
Къызоубидри и Iэ хужьыр,
ЕшаелIауэ зызогъэщI,
Сызэрымахэм ищIу лъэщ.
*17.06.2025.*

* * *

Псэр йозэш, къелъыхъуэ зы дурэш,
ЩымыIауэ, дунейм щымыщауэ.
ГукъэкIыж къыскIэлъысам и фIэщщ,
Зэхэзмыха макъыр ишэщIауэ.

Жьыр щхьэщыгъуэ Iувым йопэщэщ,
Налъэ тхъуахэр хуэму къыщIигъэщу.
Зэман згъэпIэщIам сыпэщIощэщ,
Дуней нэщIым си гу щIыIэр хэщIу.

Псэр йозэш, уи жьэгум негъэзэж,
ЩхьэщэщотIысхьэ дэп упщIыIужакIэм.
Псэм зы лъахэ иIэу и гугъэжт,
Ар екIуэлIапIэншэу къигъэщIами.
*20.07.2025.*

* * *

КъэзгъэщIа илъэсхэм сакъопэзэзэх,
Си гур къихьэжыну симыгугъэ щIэх.
Пэшым хэлъ щхьэгъубжэм къыIут балиейм
И къудамэ Iувым щIэгъэкъуа пкIэлъейм
Дыгъэр тетIысхьауэ, жыгыр зэпеплъыхь...
ПщIантIэм къыдыхьауэ дадэ лъэрымыхь,
Жыгым доIэбейри, къыпеч балий мыхъу...
Балийр зэрымыхъум си Iур гуащIэ ещI...
АдкIэ къыщыт бжыхьым тесщи бзу къуейщIей,
Зэпеуд си пщIыхьыр, ехь къыстеуа жейр...
КъэзгъэщIа илъэсхэм сакъопэзэзэх,
ПщIыхьым къыщIиху нэпсыр слъэщIыжын сощхьэх.
*7.10.2025.*

* * *

ГукъэкIыжхэм саходжэрэзэжыр,
Узу гум и уIэгъэжь мыкIыжыр.
Уэшх ткIуэпс-ткIуэпсу дэсщIея унэжыр
Къыщеудыр псыхьэлыгъуэ хъыжьэу...

СынызэпрыкIырт уафэхъуэпскIым,
Жьыбгъэм сыпэувырти, секIужт.
Си уэшх унэр сыухуати псэкIэ,
Си пкъым къезэвэкIыу сыщыткIужт.

Мис абдежым псори къыщынэжырт:
Уи фIэщ зэи схуэмыщIа си пэжыр,
Жэщ мыжейхэм езудэкIа зэшыр,
УафэхъуэпскIым уэшх зэримыIэжыр,
Мазэр уафэ куэщI зэримыхуэжыр,
Уумей цIэ лей зэрызыфIэпщыр,
Си пщэм тет анэлыр зэрызгъэпщкIур,
Сымыбауэу адрыщI гъуэгуу къэскIур...

...Си гур адрыщI гъуэгум кIуэцIроху,
Мазэр уафэ щIыIэм къыIэпоху,
Си Iэпкълъэпкъым хэту уафэхъуэпскI,
Уэшх къызогъэувыIэ махуэ къэс.
*1.11.2025.*

* * *

Си гум и дурэшым ущызоудыгъу,
Жэщым епэщэщу, пщIыхь мыухыр сщIыгъущ.
Жыгым къыпощэщри, тхьэмпэхэр мэгъуж,
Бжьыхьэм сыщыбауэу зикI си фIэщ мыхъуж.

Жэщым къыщыхуабэ, махуэм щыупщIыIу
Си гухэлъ мылъхуэсым бжьыхьэр хуримыкъу.
Си гур щыIурехри гукъэкIыж дунейм,
Жэщым къытызохри, сопль уи псэ къулейм.
*18.11.2025.*

* * *

Си закъуэныгъэм ухэслъагъуэу,
Изодзыр уэгум гухэлъ щыгъэ.
И хъуаскIэр къыпощэщри вагъуэм,
Иредзыр си гу щIыIэм лыгъэ.

МазэщIэр уафэм къыпощэтри,
Уэгу гъунэм къонэ, гужьеяуэ.
Мы илъэсищым си сурэтхэм
КъысфIощIыр къищыр си псэрауэ.
*5.01. 2026.*

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**




# Жыгым узэрелэжьынур

● И чэзущ

Жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэфІкІэ уащыгугъмэ, ухъуэнщІыным щегъэжьауэ фІыуэ укІэлъыплъын хуейщ. Ар хасэмэ, адэкІэ зыри ещІэн хуэмеижу, пхъэщхьэмыщхьэ куэд, фІы къыпыкІэну къызыщыхъуэр икъукІэ щоуэ. Жыгым илъэсым и кІыхьагъым уи нэІэ тебгъэтын хуейщ. ЩІымахуэм жыгыпкъым псыр щызекІуэркъым, щІыІэм къыхэкІыу. Ауэ щІымахуэр хуабэу екІуэкІмэ, жыгыпкъхэм псыр щызекІуэныр зэпыуркъым.

«Сокодвижение» жыхуиІэ Іуэхугъуэу, къэкІыгъэм псэ къыхэзылъхьэр аращ. ЩІымахуэр сыт хуэдизу хуабэу е щІыІэу щытми, жыгхэр ухъуэнщІын хуейщ. Апхуэдэ лэжьыгъэр мазаем блумыгъэкІмэ нэхъыфІщ. Зыгуэрк Іэ ар пхузэфІэмыкІарэ - гъатхэпэ мазэм умыбэлэрыгъыу, жыгхэр икІэщІыпІэкІэ бухъуэнщІын хуейщ.

Ауэ гъатхэм дызэлэжь жыгым псэ къыпыхьэн щІидзагъэххэщи, хуабжьу дахуэсакъыпхъэщ. ФщІэн папщІэ: купкъ зэрылъ къызыпыкІэ жыгым - балией, шэдыгъуей, къинэмыщІхэм - и къудамэхэм щыщу нэхъ зэран хъур, гъуар мыхъумэ, нэгъуэщІ гъатхэм пыпх хъужынукъым.



НэгъуэщІщ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм уазэрелэжьынур. Ахэр нэхъ бэшэчщи, пыпхынуІамэ нэхъ утегушхуэ хъунущ.

Жызумейхэр зэрымыт хадэ гъуэтыгъуейщ, унагъуэ пщІантІэхэри егъэдахэ. И нэхъыбэм зэращІыр аращи, жызумейр зэуэ яухъуэнщІ, пытыр къызэрыпачыжу. Аргуэрыжьщи, жызумым гъатхэм елэжьыну, гъуахэр паупщІыну иужь щихьэкІэ, жыгыр зэрыпсэу псыр къижу щІедзэри, ар къаруушэ ещІ. Бжьыхьэм, щІымахуэм жызумейр зымыухъуэнщІахэри епІэщІэкІын хуейщ.

Жыг лъабжьэхэр фІыуэ къэгъэбэтэн, щІыгъэпшэрхэмкІэ гъэбэгъуэн хуейщ гъатхэм. «Нитроамофос»-кІэ зэджэ щІыгъэпшэрым хуэдэу зы стэчан-стэчанитІ жыг лъабжьэ къатІахэм щІакІутэу трапІэжмэ, жыгым къару хуэхъунущ.

● Псалъэ пэжхэр

## НэрыІэзэ Іэпэзадэ

- ♦Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
- ♦Дыщэр дыщэ зыщІыр пщІэнтІэпсщ.
- ♦Гугъу уехьу къэблэжьыр ІэфІщ.
- ♦Зи жьэ куэд жиІэм и Іэ куэд ищІэркъым.
- ♦Къуажэ зиІэ нэхърэ Іэ зыфІэт.
- ♦Мэлыхъуэр куэдмэ, мэлыр хьэрэм мэхъу.
- ♦Мыдэф и Іуданэ кІыхьщ.
- ♦НэрыІэзэ Іэпэзадэ.
- ♦ПщІэнтІэпс пщІэншэ хъуркъым.
- ♦Іуэхуншэ псэлъэрейщ.
- ♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми пщыщ.
- ♦Зи Іуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
- ♦Ибэр бэшэчщ.
- ♦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщІэркъым.
- ♦Дунейр къэкІухьи уи унэ ихьэж.
- ♦Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
- ♦Дыщэ унэ нэхърэ уи унэжь.

● Шхыныгъуэ

## Къаз тхьэмщІыгъу гъэжьа

Къаз тхьэмщІыгъу лъэсар шыуаным иралъхьэ, ар щІигъанэ къудейуэ лэпс е псы хуабэ щІакІэ, и щхьэр трапІэ, зэ къытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр къытрах, шыгъу, къэрмэфибл (гвоздикэ) халъхьэри хьэзыр хъуху ягъавэ. ТхьэмщІыгъу вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъыж. Абы и ужькІэ къазыщэ упщІэтахэр тебэм иралъхьэ, зэІащІэурэ тІэкІу ягъэткІу, абы ІупщІэурэ упщІэтауэ бжьыныщхьэ халъхьэ. ЗэІащІэурэ абы халъхьэ тхьэмщІыгъу вар, псывэ тІэкІу щІакІэ, тебащхьэр трапІэжри псыр щІэвэщІэху щэ дагъэри абы доткІу. Бжьыныху упщІэтарэ шыбжий сыррэ халъхьэжри тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. АдэкІэ псывэ тІэкІу щІакІэри тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ зы-тІукІэ ягъэбэкхъ, мафІэр щабэу блэуэ. Псыр щІэмывэщІапэу хьэкум къытрахыж, тепщэчым иралъхьэри Іэнэм пщтыру трагъэувэ, шыпс хуэдэу къыщІэнари тракІэж. ПІастэ хуабэ е цІывынэ дашх. Гуэгуш, бабыщ тхьэмщІыгъухэри мыбы ещхьущ зэрагъажьэр.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):*** къаз тхьэмщІыгъу грамми 150-рэ, къэрмэфиблу 3, къаз дагъэу грамм 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамм 80, бжьыныху укъэбзауэ грамм 50, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

● Чэнджэщхэр

## Тхъуэплъ хъун папщІэ

* * *

Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуар япэщІыкІэ псы хуабэм сыхьэтищ хуэдизкІэ хэвгъэлъмэ, компот вгъавэм и фэр нэхъ дахэ, езыри нэхъ гурыхь хъунущ.

* * *

ГунэщІу ужеину узыншагъэм дежкІэ фІыкъым.

* * *

Бдзэжьейр щывгъажьэкІэ, пІащІэу зэтегъэжауэ кІэртІоф тІэкІу дэвгъажьи, бдзэжьеимэр игъэкІуэдынущ.

* * *

Бжьыныр фымыгъэлыбжьэ ипэкІэ хьэжыгъэм хэфкухьмэ, и фэр тхъуэплъ дахэ хъунущ.

* * *

Шыл пшэр гъэжьам пІастэ хуабэ дашхрэ шэ хуабэ трафыхьыжурэ жьэн узыр ягъэхъужу щытащ.

* * *

ДжэдыкІэ къакІэцІагъащІэр бгъавэмэ, и фэр текІыгъуей мэхъу.

* * *

Хьэнтхъупс е шыпс шагъэхуэбэжкІэ и щхьэр трапІэркъым, шхыныгъуэр фІэІункІэ мэхъу бахъэпсыр хэлъэдэжмэ.

● Фэр папщІэ

## Лъагъуныгъэрат си псэр

«АбыкІэ укІуэну ухуиткъым!» - жаІэ щхьэкІэ къимыгъанэу, макІуэ делэр, ищІэну зыхуимытыр ещІэ икІи къыхуогъу.

Апхуэдэ дыдэу здэкІуэну хуимытым макІуэ, ищІэну зыхуимытыр ещІэ къулейми икІи къыхуогъу.

Делэмрэ къулеймрэ закон яІэкъым!

* * *

Си щхьэр вындыкІэу фІыцІэрэ си гур уэсыщІэ къесауэ къабзэу, нэхутхьэху дахэу сыкъытехьат мы дунеижьым. Иджы си щхьэр уэсу хужьрэ си гущхьэр фІамыщІу уфІыцІауэ сытекІыжынущ!

* * *

Мысхьуд тхьэмыщкІэ, и хьэдрыхэ фІы ухъу, и гъащІэ псор къулейсызу ихьащ: и къару щилъым и щхьэм илъакъым, и щхьэм къыщихьам и къару илъыжтэкъым!

* * *

Си Дыгъуасэр, си Нобэр, си Пщэдейр - Іэнэ лъакъуищым фІэтщ си гъащІэ Іыхьэр зэрыщыту. Си Дыгъуасэм си фэм ириха жыхуэпІэм ущІэмыупщІэ! Зи, нэхъ бэлыхь мащІэ сигъэшэчыркъым си Нобэми.

Ауэ а псори сщигъэгъупщэнущ си Пщэдейм!

* * *

- Уузыншэщ, уи къару илъыгъуэщ, итІани... - гукъанищэр хуэсщІрэ жезмыІэ щымыІэу соущие нэхъыщІэм! - Бетэмал, а уэ уи ныбжьым иджыпсту сэ сыкъихутэжамэ, плъагъунт сщІэр!

- НтІэ, сэ си ныбжьым уитакъэ уэ?!

- Абы щыгъуэ уэ а уи щхьэм иджыпсту илъым хуэдизщ сысейм илъар!

* * *

«Си псэ!» - жысІэрт сэ уэ щхьэкІэ. Си гугъэжт, пэж дыдэу, уэрауэ си псэр. АрщхьэкІэ уэратэкъым, лъагъуныгъэрат си псэр. Ар сэ къыщызгурыІуэжар уи деж а лъагъуныгъэр щызмыгъуэтыж хъуа нэужьщ.

**ХЬЭХ Сэфарбий**.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Сталиным и унэцІэ дыдэр. **6**. Пхъэщхьэмыщхьэ быдэ. **9**. Псалъэжь: «Джэд ... и пщІыхьэгъущ». **10**. Хьэжыгъэм къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **12**. ... пыІэ. **15**. Дзэлыкъуэ щІыналъэм хиубыдэ адыгэ къуажэ.

***Къехыу:*** **1**. А псэущхьэхэм къахокІ тонни 100-м щІигъу зи хьэлъагъ. **2**. УэрэджыІакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ. **3**. Зеиншэ. **4**. Колхоз председателу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **5**. УсакІуэ КІэщт Мухьэз и къуажэ. **7**. Къущ, псы зыщІэмытыж. **8**. Пхъэ уадэшхуэ. **11**. Вакъэ лъапщэ кІыхь. **13**. Пшынауэ цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист. **14**. Адыгэ зауэлІым бийм щыщу гъэру къиубыда зылІ ... къищІри шыпхэм пысу къыздишащ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ**.

***Мазаем и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Джатэ. **3**. Абыкъу. **8**. Абгъуэ. **9**. Нащэ. **10**. Гъуаплъэ. **11**. Зэш. **12**. Бзу. **13**. Бжьыхьэ. **14**. Гъуэжь. **15**. Къэб. **17**. Сэджыт. **19**. Жылэ. **20**. Ахъшэ. **21**. Тебэ. **22**. Гуэгуш.

***Къехыу:*** **2**. Тхьэгъу. **4**. Банэ. **5**. Фарз. **6**. Хъуэпсырджэн. **7**. Джэду. **14**. Гъубжэ. **16**. Бгъэн. **17**. Сэмб. **18**. Танэ.



# ЛIэщIыгъуэхэр блэкIми, Пушкиныр псэущ

**УсакIуэшхуэ Пушкин Александр и фэеплъ махуэм и щIыхькIэ, Налшык дэт библиотекэхэм щекIуэкIащ ар щагъэлъэпIа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр: пшыхьхэр, зэIущIэхэр, тхылъеджэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, театр теплъэгъуэхэр, литературэ зэпеуэхэр.**

КЪЭРАЛ Лъэпкъ библиотекэм хамэ къэрал литературэмкIэ и къудамэм щекIуэкIащ литературэм и сыхьэт. Абы кърагъэблэгъащ класс нэхъыжьхэм щIэс еджакIуэхэр. Пушкин Александр и гъащIэм, и тхыгъэхэм, и хъэтIым теухуауэ къэпсэлъащ къудамэм и лэжьакIуэхэр. ДыщэкIхэ Нателлэрэ ФатIимэрэ ныбжьыщIэхэм гу лърагъэтащ Пушкиным и тхыгъэхэр нэгъуэщIхэм ейхэм къахэзыгъэщым. ШколакIуэхэм ирагъэлъэгъуащ «ЛIэщIыгъуэхэр блэкIми, Пушкиныр псэущ» зыфIаща тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр. УсакIуэшхуэм теухуа видеотеплъэгъуэри гъэщIэгъуэн ящыхъуащ къызэхуэсахэм.

Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет къалэ библиотекэ №10-м щызэхуэсащ усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм дихьэххэр, и усэхэр зи гум щызыгъафIэхэр, и тхыгъэхэр щIэзыджыкIхэр. Нэхъыщхьэу гулъытэ зыхуащIар усэхэрщ. ЗэIущIэм кърагъэблэгъа ныбжьыщIэхэр усэ къеджэнкIэ зэпеуащ. Нэхъ дахэ дыдэу Пушкиным и сатырхэм къеджахэм иратащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и гвардие ныбжьыщIэхэм я республикэ къудамэм, КъБР-м и волонтёр ротэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр. Усэ зэпеуэм щытекIуащ Апекъуэхэ Элинэрэ Iэминэрэ, етIуанэ хъуащ Орловэ Юлие, адэкIэ къыкIэлъокIуэ Бахъуэ Даниял.

Пушкиным и цIэр зезыхьэ къалэ библиотекэ нэхъыщхьэм щекIуэкIащ усэмрэ уэрэд макъамэмрэ щызэщIэт пшыхь. Уэрэдхэр ягъэзэщIащ «Учитель» хорым. Библиотекэм къыщызэрагъэпэщащ «Зэчийри щыIэщ, езыри псэущ» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ

**2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэкIэ къызэрабжамкIэ,пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкI консерву мелуан 357-рэ щытраIуэнтIащ. Абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 0,7-кIэ нэхъыбэщ ар, къитащ иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.**



КИФЩI-м пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкI консерву къыщыщIагъэкIым и куэдагъымкIэ ди республикэм бжьыпэр адрей щIыналъэхэм я деж щиIыгъщ. Ди консерв заводхэр мыбдежым нэхъыбэу зэгугъур икIи къыщIагъэкIыр бэдрэжан пIытIамрэ джэш хъуреймрэщ, нащэмрэ нартыху IэфIымрэщ.

ЖылапхъэфIхэр, хадэхэкIхэм ехьэлIауэ щыIэ иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпым я фIыгъэкIэ республикэм и мэкъумэшыщIэхэм гъавэ бэвхэр илъэс къэс кърахьэлIэж икIи къыщIагъэкI хадэхэкIпхъэщхьэмыщхьэ продукцэхэм хагъахъуэ зэпытщ, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

Апхуэдэуи, хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ зезыхьэхэм ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр къэкIыгъэхэм зэрыщIагъэхьэ системэхэр жыджэру я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп. «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» къэрал пэхуэщIэм и къудамэ «Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и продукцэр экспортым гъэкIуэн» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ ахэр ягъэувыну абыхэм Iэмал ират къэрал дэIэпыкъуныгъэ папщIэу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Дунейпсо зэпеуэм Къамболэт макIуэ

**Рязань къалэм щхьэзакъуэ зэзауэхэмкIэ и академием щекIуэкIащ УФ-м тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 59-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 800-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 15-17 хъухэу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу зэхьэзэхуэм хэтащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэр икIи ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ. ЖыпIэнурамэ, Iусен Къамболэт и хьэлъагърэ ныбжьрэ елъытауэ зыхэта гупым зэIущIих щригъэкIуэкIри, псоми щытекIуащ икIи дыщэ медаль къихьащ.

КъищынэмыщIауэ, ди щIалэм Iэмал игъуэтащ мы гъэм Узбекистаным и къалащхьэ Ташкент щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэну.

Ди командэм дэлажьэхэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэщ.

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**



Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Iусен Къамболэтрэ

● Футбол

# Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм текIуэныгъэхэм къыщыпащэ

**«Спартак-Налшыкым» зи чэзу текIуэныгъэр къыщихьащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыру. Иджы абы хигъэщIащ Владимир областым къикIа «Муром»-р.**

ЩЭБЭТ кIуам, хабзэ зэрыхъуауэ, ЕсэнтIыгу къалэм и стадионым налшыкдэсхэр щаIущIащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «дыжьын» гупыр 2025/2026 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм зрагъэбгына «Муром»-р. Лъэныкъуэхэр икъукIэ гуащIэу зэпэщIэтащ икIи «Спартак-Налшыкым» и текIуэныгъэкIэ иухащ.

Налшыкдэсхэм хуабжьу жыджэру къыщIадзащ икIи еплIыщIанэ дакъикъэм ирихьэлIэу 2:0-у япэ ищащ. ТIэуми къыхэжаныкIар гупым къыхыхьагъащIэ Ибрагимовращ. АрщхьэкIэ загъэпсэхуну имыкI щIыкIэ муромдэсхэм зы топ ди щIалэхэм къыхудагъэкIыжащ.

Джэгур езыгъэжьа Къумыкъум, КIэдыкIуейм, Гирзишевым, Пириевым, Балъкъызым, Блийм, Селяевым, ХьэцIыкIум, Урысым, Кумыщым, Ибрагимовым япIэкIэ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Емкъуж Мурат зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм губгъуэм кърigъэхьащ Каркаевыр, Кенжевыр, Жабоевыр, Гъуэгузокъуэр, Хьэшырыр, Дзыгулыр, КIэнцIэлийр, Пекъур, Уэлджырыр, Соблырыр, ЛIупыр. Абыхэм бжыгъэр 3:1-м нагъэсащ, Хьэшырым метр пщыкIузым и деж щыту топыр дигъэкIа иужькIэ.

АрщхьэкIэ ди щIалэхэм текIуэныгъэныгъэр яIэщIэкIыным зымащIэщ иIэжар. ЯпэщыкIэ Владимир областым къикIахэм Iуэхур 3:2-м нагъэсащ. КъыкIэлъыкIуэу «Муром»-м Iэмал къыхукъуэкIащ метр пщыкIузым и деж щыту пенальти еуэну, я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зы «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм хабзэм къемызэгъыу я гъуэм пэгъунэгъуу къызэрызэпаудам къыхэкIыу. Ди гъуащхьэтет Каркаевым абы къригъэгъэзащ икIи налшыкдэсхэм я текIуэныгъэр яхуихъумащ.

Зыгъэсэныгъэхэм зэрыщIадзэрэ «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэIущIэу 5 иригъэкIуэкIати 4-м щытекIуащ («Динамо-СОУР» - 2:1, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэха – 4:0, «СтавропольАгроСоюз» - 4:1, «Муром» - 3:2), 1-м щызэрытегъэкIуакъым (Мейкъуапэ и Дружба» - 1:1).

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.245 • Заказыр №271

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А